



Rekòmandasyon pou moun ki vaksinen nèt kont COVID-19 la

DAT: 16/03/2021

ÒGANIZASYON: Depatman Sante Piblik

SOUS REFERANSE YO: [Rekòmandasyon Enterimè Sante Piblik CDC pou Moun ki Vaksinen Nèt](#)

Vaksen COVID-19 yo ki otorize pou kounye a Ozetazini trè efikas pou pwoteje moun ki vaksine kont maladi COVID-19 grav. Jiskakse gen plis moun ki vaksinen, sèten mezi prevansyon pral kontinye nesèsè pou tout moun, menm pou moun ki vaksinen nèt. Rekòmandasyon sa a baze sou [Rekòmandasyon CDC yo](#) pou moun ki vaksinen nèt.

Kisa sa siyifi lè yon mou vaksinen nèt

- Moun vaksinen nèt pou COVID-19 la si yo te resevwa 2 dòz swa vaksen COVID-19 Moderna oubyen Pfizer la oubyen yon grenn dòz vaksen Janssen (Johnson & Johnson) la plis pase 14 jou desa.
- Rekòmandasyon sa a pa aplikab pou moun ki vaksinen nèt ki gen sentòm COVID-19 la.

Rasanbleman ak lòt moun

1. Kontinye mete yon mask epi evite kontak etwat ak zòt yo an piblik.

Vaksen COVID-19 la pral anpeche w tonbe maald ak COVID-19 la, men ekspè yo ap kontinye òganize plis etid pou chèche konnen si vaksen yo anpeche moun simaye COVID-19 la tou. Lè moun mete mask ak distans sosyal ede bese chans ou pou gaye viris la bay lòt moun. Toulede ansanm, ni vaksen COVID-19 ak ni swiv rekòmandasyon CDC yo sou [fason pou pwoteje tèt ou ak zòt yo](#) pral ofri pi bon pwoteksyon pou anpeche w trape ak simaye COVID-19 la.

2. Ou gendwa rann vizit lòt moun ki vaksinen nèt.

Ou gendwa rann vizit lòt moun ki vaksinen nèt anndan batiman nan yon anviwònman prive san ou pa bezwen mete mask ni san ou pa bezwen kenbe distans sosyal la. Egzanp, si ou vaksinen nèt, pa gen anpil chans si ou envite lòt zanmi ki vaksinen nèt tou vin manje atab avèk ou anndan lakay ou.

3. Pran prekosyon lè w ap rann moun vizit ki poko vaksinen.

Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health) rekòmande pou nou swiv rekòmandasyon CDC ki di ou gendwa rann vizit moun ki pa vaksinen nan yon anviwònman prive anndan batiman ki abite nan menm kay la epi ki pa gen anpil risk pou gen maladi [COVID-19 grav](#) lan, san ou pa mete mask ni ou pa kenbe distans sosyal la. Egzanp, granparan ki vaksinen nèt kapab rann vizite pitit yo ki pa vaksinen epi ki an sante ansanm ak pitit pitit yo ki an sante san yo pa bezwen mete mask ni kenbe yon distans fizik, akondisyon okenn manm fanmi a ki pa vaksinene gen risk pou gen maladi COVID-19 grav la.

Si moun ki pa vaksinene soti nan plizyè fwaye kay OUBYEN si yo gen plis risk pou gen maladi COVID-19 grav la, tout moun ki konsène ta dwa pran prekosyon; egzanp mete yon mask ki plake byen sou figi yo, rete omwen 6 pye (2 mètr) lwen zòt yo, epi rankontre moun deyò oubyen nan yon kote ki byen ayere. Egzanp, si yon moun ki vaksinen nèt rann yon zanmi li ki pa vaksinen vizit epi zanmi an gen 70zan kidonk li gen risk pou gen maladi grav la, yo ta dwe kontre ansanm deyò, mete mask ki pi plake sou figi yo epi kenbe distans sosyal (omwen 6 pye – 2 mètr).

4. Respekte rekòmandasyon Eta a sou patisipasyon nan gwo rasanbleman foul moun, tankou maryaj ak konsè.

Tout moun, menm moun ki fin vaksinen nèt yo, ta dwe respekte rekòmandasyon sila a sou restriksyon pou gwo rasanbleman gwoup moun ansanm ak pou règ sekirite espesifik yo pou aktivite tankou konsè yo. Revwa dènye òdonans yo konsènan [Restriksyon nan Rasanbleman Moun](#).

Izolasyon, karantèn ak tès

1. Ou pa bezwen swiv Rekòmandasyon pou Vwayajè Massachusetts yo.

Rekòmandasyon an valab pou tout vizitè yo k ap antre nan Massachusetts, ikonpri rezidan k ap tounen lakay yo, pou yo mete tèt yo apa (an karantèn) pandan 10 jou apre yo rive, pa aplikab pou moun ki vaksinen nèt yo.

2. Rete lakay ou epi fè tès la si ou santi w malad.

Menmsi vaksen yo wotman efikas, gen yon chans toujou pou ou trape COVID-19 la menmsi ou fin pran vaksen an. Si ou vin gen sentòm respiratwa tankou nen ou ap koule, tous oubyen pèt sansasyon sant oubyen gout, sa yo se pa efè segondè vaksen an epi ou ta dwe konsidere fètès pou COVID-19 la oubyen pale ak founisè swen sante w lan. Rete lakay ou si ou malad epi evite kontak etwt ak zòt yo. Ou gendwa tcheke ak anplwayè w tou konsènan jan sa pral enpakte travay ou an.

3. Mete tèt ou apa si ou teste pozitif pou COVID-19.

Si ou teste pozitif pou COVID-19 la, ou dwe mete tèt ou apa ann izolasyon. Vaksen COVID-19 yo p ap fè w teste pozitif pou [tès viral yo](#).

4. Siveye sentòm yo si ou ou an kontak etwat ak yon moun ki gen COVID-19 la.

Si ou pa abite ni ou pa travay nan yon anviwònman kote anpil moun rete ansanm (egzanp, etablisman koreksyonèl ak sant detansyon yo, rezidans pou lavi otonòm, rezidans kote yo bay swen enfimye ak rezidans angwoup yo), ou pa blije mete tèt ou an karantèn aprè ou te ekspoze. Mentou, ou ta dwe kontinye rete veyatif pou detekte sentòm COVID-19 yo pandan 14 jou aprè ou te ekspoze a. Si ou vin gen sentòm, mete tèt ou apa pa rapò ak zòt yo epi kontakte founisèswen sante w lan oubyen chèche fè yon tès.

OBSÈVASYON: Egzijans pou pèsònèl swen sante yo gendwa diferan. Al gade nan [Rekòmandasyon COVID-19 pou Retounen](#) pou jwenn plis enfòmasyon.